# Мүрәжат өз шешимин тапты

Тақыятас районы «Халықлар дослығы» МПЖ аймағындағы 13-санлы көп қабатлы турақ жайдың жер төлесинен келетуғын жағымсыз ийис, изей суў, ақаба суў трубаларының насазлығы көп ўақытлардан берли турғынларды қыйнап келетуғын еди.

Image not found or type unknown

Өткерилген қабыллаўлар нәтийжесинде аймақ турғынларының мүрәжаты унамлы шешим тапты. Жуўапкерлер тәрепинен күн даўамында ақаба суў қудықлары менен трубаралары оңланды, көп қабатлы турақ жайдың жер төлеси шығынды суўлардан тазаланды.

Image not found or type unknown

Бул мүрәжаттың сапластырылыўында тараў хызметкерлериниң аянбай еткен пидайы мийнетлерин айтып өтиў орынлы.Әлбетте ҳәр бир мүрәжат артында инсанды ойландырып, өз шешимин күтип атырған машқала жатады.

Image not found or type unknown